# Jesu Mupenyu



**Ndinoziva kuti Mudzikinuri wangu mupenyu. Jobho 19:25**

**Mateo 28:1-10** - *Kumuka kwaJesu*

**Mushure meSabata, ava mambakwedza nomusi
wokutanga wevhiki, Maria Magadharena
nomumwe Maria vakaenda kundoona guva. 2
Pakava nokudengenyeka kwenyika kukuru nokuti
mutumwa waShe akabva kudenga akaenda paguva
akasvikokungurutsa ibwe riya akagara pamusoro
paro. 3 Kuonekwa kwake kwakanga kwakaita
semheni uye nguo dzake dzakanga dzakachena
sechando. 4 Varindi vakamutya kwazvo zvokuti
vakadedera vakaita savanhu vafa.**

**5 Mutumwa akati kuvakadzi vaya, "Musatya nokuti
ndinoziva kuti muri kutsvaka Jesu uyo akarovererwa
pamuchinjikwa. 6 Haapo pano; amuka sokutaura
kwaakaita. Uyai muone panzvimbo paakanga avete.
7 Zvino kurumidzai muende kundoudza vadzidzi vake
kuti, 'Amuka kubva kuvakafa uye kuti afanotungamira
kuGarirea. Muchanomuona ikoko.' Zvino ndakuudzai."**

**8 Saka vakadzi ava vakakurumidza kubva paguva
vachitya asi vakazadzwa nomufaro, uye vakamhanya
kundoudza vadzidzi vake. 9 Pakarepo Jesu
akasangana navo, akati, "Kwaziwai." Vakauya kwaari
vakabata tsoka dzake uye vakamunamata. 10 Ipapo
Jesu akati kwavari, "Musatya. Endai mundoudza
hama dzangu kuti vaende kuGarirea; ikoko ndiko
kwavachanondiona."**